

Orè Lekòl K-8 èm Ane Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ)

Entwodiksyon:

Pandan ane lekòl 2022-2023 a, Cambridge Public Schools (CPS) te travay an kolaborasyon ak New Solutions K-12 pou fè yon odit orè pou yo ka konprann pi byen kijan tan yo te mete a pwof pou sipòte aprantisaj nan ak atravè lekòl nou yo. Odit la te motive pa:

- Revizyon pwogram SY17-18 nan lekòl primè yo revele ke CPS gen mwens tan nan lekòl (1,080 èdtan pa ane) ke distri nasyonal parèy li yo.
- Yon konklizyon kle nan Plan Antre 2021 Doktè Greer la se te ke orè alfabetizasyon enkonsistan, pratik, kourikoulòm, ak evalyasyon te anpeche kwasans ak siksè elèv ak edikatè CPS yo.
- Enkyetid fanmi yo konsènan kantite tan konsakre pou ansèyman lekti atravè distri a.
- Enkyetid edikatè yo, ki te mande ke anvan nou konsidere pwolonje jounen lekòl la nou te dwe anpremye konprann pi byen si CPS ap fè pi bon itilizasyon posib tan ki disponib kounye a.

Konklizyon:

- CPS genyen youn nan jou lekòl ki pi kout nan Commonwealth la.
- CPS pa konfòme li pou li satisfè tan ansèyman minimòm sou enstriksyon debaz.
- Genyen varyasyon ak inegalite nan fason yo itilize minit ansèyman yo atravè ak anndan lekòl yo.
- Genyen diferans nan konbyen minit ansèyman debaz elèv yo resevwa atravè lekòl yo ak soti nan yon salklas pou ale nan yon lòt.

CPS vize pou asire ke tout elèv resevwa epi genyen aksè ekitab nan bon jan kalite Nivo I ansèyman/ansèyman debaz (ansèyman ki fèt nan salklas edikasyon jeneral soti nan salklas la oswa pwofesè domèn kontni an) nan lekòl yo chak jou. Pou sa ka fèt, satisfè egzijans tan aprantisaj estriktire se yon pwochen etap enpòtan. Tanpri gade repons pou Kesyon moun poze souvan yo anba a.

Tab Matyè:

1. [Sou kisa direktivktiv orè yo konsantre epi poukisa yo enpòtan?](#)
 2. [Èske pral genyen yon rediksyon nan tan manje midi ak rekreyasyon?](#)
 3. [Si konsèy yo sijere ke yo pa ta dwe retire elèv yo nan enstriksyon debaz yo, èske sa vle di ke yo pral rate kou espesyal yo?](#)
 4. [Poukisa n ap chanje fason yo fè orè yo?](#)
 5. [Ki moun ki decide kijan ansèyman ki dekri nan direktiv yo anseye?](#)
 6. [Kijan yo pral kenbe pwogram Kodaly a ak chanjman sa yo?](#)
 7. [Kisa apwòch sa a vle di pou Pwogram Lekòl Matènèl Inivèsèl la? Èske timoun ki gen 4 an yo pral genyen plis tan pou alfabetizasyon ak matematik tou, oswa èske JK/UPP pral rete sou baz jwe?](#)
 8. [Kijan tenan santral Montessori pou Tan travay san Enteripsyon an afekte pa chanjman sa yo ?](#)
 9. [Kijan direktiv sa yo pral afekte pwofesè yo ki vle dirije estasyon yo nan yon salklas? Ki sa ki rete pou pwofesè/direktè a decide?](#)
 10. [Èske edikatè lekòl primè yo pral anseye andeyò domèn sètifikasyon yo?](#)
 11. [Èske pwofesè yo te patisipe nan pwosesis sa a?](#)
-

1. Sou kisa direktiv orè yo konsantre epi poukisa yo enpòtan?

- a. Direktiv orè yo konsantre sou matyè debaz yo; lekti, matematik, syans ak syans sosyal. **Yo kreye pou garanti fidelite ak entegrite nan fason kourikoulòm lan dispanse.** Li asire ke tout elèv nan chak klas nan lekòl yo ak atravè distri a ap resevwa menm valè tan ansèyman.

Anvan direktiv yo, elèv ki nan menm lekòl ak nivo klas yo te souvan resevwa nivo minit ansèyman varyab sou menm matyè yo. Direktiv yo reflekte pratik aktyèl la nan plizyè fason, pandan y ap fè amelyorasyon tou pou asire ke elèv nou yo ap resevwa pi bon edikasyon posib la.

2. Èske pral genyen yon rediksyon nan tan pou manje midi ak rekreyasyon?

- a. Yo prevwa pou manje midi ak rekreyasyon dire 40 minit chak jou dapre Règleman sou Byennèt CPS la, epi **sa pa pral chanje.**
- b. Jan nou te pataje li a, odit orè a revele enkonsistans atravè lekòl yo alafwa nan sa ki konsène orè akademik ak lè manje midi ak rekreyasyon. Pi devan, tout lekòl yo pral suiv direktiv a yo pou optimize tan aprantisaj pou elèv yo epi asire konsistans atravè distri a.

3. Si direktiv yo sijere ke yo pa ta dwe retire elèv yo nan enstriksyon debaz, èske sa vle di ke yo pral manke nan kou espesyal yo?

- a. Kou espesyal yo se yon pati enpòtan nan eksperyans yon elèv lekòl, kidonk, elèv yo pral kontinye genyen pwogram espesyal yo.
- b. Blòk What I need nou yo (WIN) fèt pou yo fleksib pou reponn a enterè ak bezwen endividyèl elèv yo. Tan sa a se yon opòtinite pou espesyalis yo adrese bezwen akademik ak sosyal emosyonèl inik chak timoun pou asire ke yo ap pèfòme nan nivo klas yo epi ekspozè nan leson enpòtan ke elèv yo jwenn nan pwogram espesyal yo.
- c. Objektif la se pa retire elèv yo nan matematik oswa lekti. Pandan ke pa genyen yon règ ki entèdi sa, li ta dwe yon dènye rekou. Pwofesè elèv ki genyen yon gwo kantite minit sèvis edikasyon espesyal dwe kontinye kolabore epi konsidere direktiv sa a lè y ap detèmine ki lè pou yo retire elèv la nan klas la.

4. Poukisa n ap chanje fason orè yo fèt?

- a. Odit orè a ak odit anvan yo pou orè K-8èm Ane lekòl nou yo te montre ke elèv yo ap resevwa diferan nivo nan tan ansèyman atravè matyè debaz yo epi ke genyen yon mank konsistans nan dire tan enstriksyon nan lekti matematik, syans, ak syans sosyal anndan ak atravè lekòl yo. Nou vle asire tou ke tout elèv yo genyen aksè nan tout domèn kontni yo. Anplis, CPS pa respekte tan enstriksyon minimòm nan ansèyman debaz jan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a (DESE) egzije sa.

5. Ki moun ki decide kijan ansèyman ki dekri nan direktiv yo ap anseye?

- a. Direktiv yo sèlman dekri kantite tan ki nesesè pou chak domèn kontni. Edikatè yo responsab pou bay enstriksyon an nan salklas yo.

6. Kijan yo pral kenbe pwogram Kodaly a ak chanjman sa yo?

- a. Lekòl Kodaly yo genyen diferan direktiv sou itilizasyon tan pou asire ke pwogram nan rete entak ak dinamik.

7. **Kisa apwòch sa a vle di pou Pwogram Lekòl Matènèl Inivèsèl la? Èske timoun ki gen 4 an yo pral genyen plis tan pou alfabetizasyon ak matematik tou, oswa èske JK/UPP ap rete baze sou jwe?**
- a. Kourikoulòm Fokis sou K ak JK, ki se epi pral aplike nan pwogram preskolè nou an, deja deziyen tan apwopriye pou alfabetizasyon. Kidonk, elèv lekòl matènèl yo pral genyen yon eksperyans aprantisaj solid ki enkòpore aprantisaj ki baze sou jwèt. Li enpòtan pou sonje ke aprantisaj ki baze sou jwe byen planifye epi entansyonèl pou elèv yo aprann kontni atravè jwèt. Aprantisaj ki baze sou jwe pa vle di ke elèv yo jwe san objektif aprantisaj entansyonèl.
8. **Kijan chanjman sa yo afekte tenan debaz Montessori Tan travay san enteripsyon an?**
- a. Chak lekòl dwe adapte direktiv sa yo nan mezi ke sa posib. Lekòl yo ki genyen yon fokus espesyalize, tankou Montessori, ta adapte direktiv yo nan fason ki prezève fokus espesyal yo.
9. **Kijan direktiv sa yo pral afekte pwofesè yo ki vle dirije estasyon yo nan yon salklas? Ki sa ki rete pou pwofesè/direktè a deside?**
- a. Dirije estasyon yo se yon pi bon pratik ansèyman ak aprantisaj. Anyen nan direktiv itilizasyon tan yo pa ta dwe afekte itilizasyon estasyon yo. Nou espere ke sa asire ke genyen ase tan pou elèv yo satisfè objektif aprantisaj sible yo pandan y ap deplase atravè estasyon yo.
 - b. Direktè yo, kòm yon gwoup, te patisipe nan devlope ak bay fidbak sou direktiv orè yo. Yo prevwa ke fè orè se epi ta dwe yon travay administratif kote Direktè a travay ak yon ekip edikatè pou ede devlope orè pa yo ki baze sou direktiv yo.
10. **Èske edikatè lekòl primè yo pral anseye andeyò domèn sètifikasyon yo?**
- a. **Okenn edikatè pa pral anseye andeyò lisans yo.** Espesyalis yo ka sèvi kòm volontè pou anseye yon matyè andeyò klas espesyalis yo pou asire ke yo resevwa ansèyman debaz yo nan konfòmite ak minit ansèyman DESE rekòmande yo. Pa egzanp, yon pwofesè lekòl primè ka anseye syans oswa òganize yon gwoup lekti nan bibliyotèk pandan yon blòk WIN. **Sa pa vle di tou ke espesyalis yo pral elimine.**
11. **Èske pwofesè yo te patisipe nan pwosesis sa a?**
- a. Te genyen plizyè opòtinite pou edikatè yo patisipe nan sesyon gwoup yo pou yo aprann sou direktiv yo epi bay fidbak yo. Sepandan, akòz kalandriye nan fen ane lekòl la, te genyen ti kras patisipasyon nan sesyon sa yo.
 - b. Direktè yo te patisipe nan devlope epi bay fidbak sou direktiv orè yo. Lidè kourikoulòm yo ak kèk akonpanyatè pedagogik tou te bay opinyon ak fidbak sou direktiv yo.
 - c. Nou pral kontwole aplikasyon direktiv yo ak anpil atansyon epi planifye pou òganize sesyon pandan ane lekòl la pou edikatè yo ka bay fidbak. Objektif nou se kontinye rafine epi amelyore direktiv yo.